TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 43

KURASIKIRWA NEZVAKANAKISISA ZVAMWARI

Kune vamwe vanhu hupenyu itsaona. Vanoti, “Handina kusarudza kuti ndizvarwe. Saka zvine basa rei kuti ndiri kuenda kupi?” Ndinoda kukupa tariro nekuti ndinodavira kuti Mwari vane hanya newe. Bhaibheri Dzvene rinondiudza kuti Mwari vane hanya newe. Mwari vaive nehanya nababa vedu Abramu. Hongu vaive nehanya navo. Rega ndikuratidze kubva pane zvakaitika kuna Abramu zvinoratidza kuti Mwari vakange vaine hanya naye. Genesis 12:10-20

10. Zvino nzara yakanga iripo panyika, uye Abramu akaburuka akaenda kuIjipiti kuti andogara ikoko kwechinguva nokuti nzara yakanga iri huru kwazvo. 11. Paakanga oda kupinda muIjipiti, akati kumukadzi wake, Sarai, *“Ndinoziva kuti uri mukadzi akanakisa. 12. Pauchaonekwa navaIjipiti vachati, “uyu ndiye mukadzi wake.” Ipapo vachandiuraya asi iwe vachakurega uri mupenyu. 13. Saka uti uri hanzvadzi yangu, kuti ndigobatwa zvakanaka nokuda kwako.” 14 Abramu akati asvika kuIjipita vaIjipiti vakaona kuti akange ane mukadzi akanaka kwazvo. 15. Uye machinda aFaro vakati vamuona vakandomurumbidza kuna Faro, uye vakabva vamutora vakamupinza mumuzinda wake. 16. Akabata Abhuramu zvakanaka nokuda kwake, uye Abramu akava namakwai nemombe, makono embongoro namakadzi, varandarume navarandakadzi uye nengamera. 17. Asi Jehovha akatambudza Faro neveimba yake nehosha yakaipisisa nokuda kwaSarai mukadzi waAbhurama. 18. Saka Farao akadana Abramu akati, “Waiteiko kwandiri? Wakaregereiko kundiudza kuti uyu mukadzi wako? 19. Seiko wakati, “Ihanzvadzi yangu” nokudaro ndakamutora kuti ave mukadzi wangu ? Ndizvozvo zvino, hoyu*

mukadzi wako. Mutore uende! 20. Ipapo Faro akarayira varanda vake pamusoro paAbramu, vakamurega achienda nomukadzi wake uye nezvinhu zvose zvaakanga anazvo."

Chirega ndikuratidze kuti ndima idzi tingadzishandise sei muhupenyu hwedu. Zvatinosarudza zvinofanira kunge zvakamira pazvinhu zvakanaka. Hazvifaniri kungotungamirirwa nezvinhu zvakatirerukira. Abramu akakanganisa chinhu chakakura. Isu tinofanira kuedza kuti tisakanganise zvakaitwa naAbramu. Kupinda kwaAbramu muchiitiko ichi iyambiro yakasimba. Zvaakafembera kuti zvichaitika vasvika kuIjipita ndizvo zvakaitika. VaIjipita vakatarisa Sarai nekuti akange ari tsvarakadenga. Unoona zviito zvakatevera mashoko. Mambo Faro vakatora Sarai vakamuisa munzanga yaMambo nechinangwa chekumuwedzera kuti ave mumwe wevakadzi vake. Kuti nyaya yamambo ifambe zvakanaka, akabva atanga kupa zvipo kuna Abramu.

Panguva iyi zvaiita sekuti kunyeba kwaigona kubatsira. Kutsika yenguva iyi chinhu chaigamuchirwa kuti wairoora mukadzi nekubvisa pfuma nezvimwewo zvipo zvekungofadza vatezvara. Saka waibvisa mombe nezvimwewo zvinhu. Asi pano akange ave pakati pechiitiko chaakange audza Sarai kuti chichazoitika. Asi Mwari vakachengetedza murume uyu zvisinei nezvaakange aita. Mwari vakakonzera zvinhu zvakaipa kuti zviitike mumba maMambo. Mwari vakachengetedza Abramu naSarai kunyange vakange vaita sarudzo yakaipa uye kunyange vakange vaita chivi. Zvino izvi hazvivapi chikonzero chekuita chivi chekunyepa asi zvinotidzidzisa kuti Mwari anotichengeta. Abramu akange asingagoni kudzivirira zvakaitika dai Mwari vakabatsira Abramu. Kudzingwa kwakaitwa Abramu iyambiro inobatika yakaitika.

Zvinoreva kuti akadzingwa akanzi zvakwana ibva munyika medu. Mambo Faro vakadaidza Abramu vakamubvunza mubvunzo waive pachena. Vakati, “Wakaitirei zvawakaita? Chiiko chawandiita ichi?” Mubvunzo uyu waida kuziva chinangwa chakaita kuti Abramu anyebe. Mubvunzo uyu wakaburitsa pachena zvaityiwa naAbramu. Hatiudzwi kuti Abramu akaudza Faro kuti kudii. Asi zvakazivikanwa kuti Sarai akange ari mukadzi waAbramu. Faro akadzinga Abramu munyika make. Faro akati, “Naizvozvo zvino hoyu mukadzi wako. Mutore uende!” Faro akarayira vanhu vake kuti vasatore mukadzi wake asi kuti vamudzinge munyika mavo. Akavaraira zvakasimba uye achinyatsotaura zvaaida. Haana kana chinhu chaAbramu chaakatora. Akamuendesa nezvese zvaakange ainazvo.

Pane chidzidzo pano chinobatsira iwe neni. Tinofanira kutarisira kuti tibviswe pakati pevanhu kana tisingaiti zvakanaka. Abramu haana kuita zvakanaka saka akadzingwa ipapo ipapo. Kunyange mambo uyu asinganamati anonzi Faro haana kuda kuti murume uyu Abramu agare munyika make. Baba vedu Abramu vakatisiira chidzidzo chakakosha muhupenyu. Patinofunga nezva Abramu tinofunga pamusoro pechishuwo chake chekutevera nekuteerera Mwari. Asi pano tinoona kuti kuda kwake zvakareruka kwakamuita kuti ade kuita zvaimubatsira ipapo ipapo chete kunze kwekuita zvakanaka. Nekuda kwemaitiriro ake aya, Abramu akarasikirwa nezvakanakasisa zvepamusoro soro zvaMwari.

Hongu Mwari vaive nehanya nababa vedu Abramu kunyange zvake akange aita sarudzo yakaipa. Kubva pandima dzataverenga nhasi idzi ndinoda kukuratidza YAMBIRO nhatu kuitira kuti usarasikirwe nezvakanakisisa zvepamusoro zvaakange agadzirirwa naMwari. Kuita kwaAbramu zvinobatsira kwenguva pfupi

iyambiro inobatika. Rega nditsanangure. Rega nditsanangure kuti mashoko aya ekuti “zvinobatsira kwenguva pfupi” anorevi. Zvinoreva kuita chinhu chakapfava pane kuita chinhu chakanaka. Wazviona here kuti Abrama akatya kuuraiwa. Akakoshesa hupenyu hwake pane chokwadi. Hongu zvakataurwa naAbramu zvaive nekachokwadi mukati. Sarai aive hanzvadzi yake yekune vamwe mai. Asi akange ariwo mukadzi wake. Saka Abramu akatevera nzira yaive yakareruka kupfuura dzimwe dzese. Akatora nzira yaive nyore.

Abramu akaona zviri nani kunyepa asi pachizoitika hupombwe. Kuna Abramu zvaive nani kuti Faro atore hake Sarai kuti ave mukadzi wake chero zvaibatsira Abramu kuti ararame. Zvino kuda zvakareruka kwaAbramu kwaizoisa mukadzi wake kuchivi chakakura. Asi Abramu akatozviona semunhu akange azviwanira nzira yake yekubuda mumamiriro ezvinhu akaoma aya. Hatizivi kuti chii chingadai chakaitika dai akangoita zvakanaka. Hatina nzira yekuziva zvaizoitika. Kuita zvakapfava pane kuita zvakanaka hazvibhadhari. Kwete kwete hazvibhadhari nekuti sezvakaita Abramu tinozopinda muna taisireva. Tinofanira kubatisisa nzira yechokwadi nezvakanaka nekuti ndizvo zvakanakisisa zvepamusoro soro zvinodiwa naMwari kuti uite.